# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–09 अगस्त 2025** **भोजपुरी समाचार**

सावन के पुन्नवासी पर आजु भाई बहिन के नेह क तिउहार रक्षाबंधन पूरा प्रदेस में उछाह अउर हसी खुसी के साथे मनावल जा रहल हवे। आजु के दिन्ने बहिन लोगि भाई लोगिन के कलाई पर राखी बान्हेलिन अउर उनके लमहर उमिरि क कामना करेलिन। येह मौका पर प्रदेस सरकार की ओरि से महिला लोगिन के अउर उनके साथे एगो सहयात्री के परिवहन निगम के बसन में मुफ्त यात्रा क सुविधा दिहल गइल हउवे। प्रदेस भर में ढेरि संख्या में महिला लोगि येह सेवा क लाभ उठा रहलि हइन। ई सुविधा बिहने राति बारह बजे ले जारी रही। प्रदेस के कई गो जिलन के जेलि में भिन्ही से संझा ले कैदी भाइयन के राखी बान्हे बदे बहिन लोगिन के लाइन लागल रहे। ओही सावन के पून्वासी पर आजु भिन्हिये से बनारस, अजोध्या, प्रयागराज, गाजीपुर, देउरिया अउर गोरखपुर के सथही कइ गो जिलन के मंदिरन अउर सिवालयन में भगवान भोलेनाथ के जल चढ़ावे अउर पूजा पाठ करे बदे सरधालुअन क लाइन लागल बाटे।

**********

देस भर में आजु संस्कृत दिवस मनावल जा रहल हवे। ई दिन प्राचीन भारतीय भाषा संस्कृत के पुनरूद्धार अउर रख–रखाव के बढ़ावा देवे बदे मनावल जाला। ई भाषा के महत्व, साहित्य अउर संस्कृति के सम्मान दिहले क एगो अवसर हउवे। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेसवासियन के सुभकामना दिहले हवे।

**सर्वेभ्यः उत्तर प्रदेश वासिभ्य संस्कृत सताहस्य हार्दिक शुभकामनां संस्कृत भाषा भारतीय ज्ञान परम्परायाः भारतीय संस्कृते च आधार भूताः अस्ती। भारतीय संस्कृते संरक्षणार्थम्, संस्कृत भाषायः अध्ययनम् अतिव आवश्यकम् अस्मिन सप्ताये वयं संस्कृतस्य महत्वम् अस्मरामि संस्कृत वांगमयस्य अमृत धाराय च अनुभवम् कुर्मः।**

**********

रेलवे राउंड ट्रिप पैकेज योजना सुरू कइले क फइसिला लिहले हउवे। जवने में यात्रियन के वापसी यात्रा पर बीस फीसदी क छूट दिहल जाइ। रेल मंत्रालय बतवलसि कि येह योजना के जरिए बुक कइल गइल टिकटन क केराया लवटावल नाही जाइ। येह योजना में तेरह अक्टूबर के अवधि खातिर बुकिंग येह महिन्ना के चउदह तारिख से सुरू होइ। वापसी यात्रा क टिकट बुक कइले पर साठि दिन क अग्रिम आरक्षण अवधि लागू नाही होइ।

**********

प्रदेस क पुलिस महानिदेशक राजीव कृष्ण जन सिकायतन के निपटारा में लापरवाही करे वाले पुलिस अधिकारियन अउर करमचारियन के विरूद्ध करवाई कइले क चेतावनी दिहले हवें। उहां के कहलीं के जन सिकायतन के निपटारा क मूल्यांकन सूचना अउर डाटा के आधार पर होइ। वरिष्ठ अधिकारी खुद नियम से **समन्वित सिकायत निवारण प्रणाली–आईजीआरएस** के प्रकरण क समीक्षा करें।

**********

स्वतंत्रता दिवस के अवसर पर पन्द्रह अगस्त के नई दिल्ली में आयोजित होखे वाले स्वतंत्रता दिवस समारोह अउर सम्मान समारोह में प्रदेस के तैंतीस ग्राम पंचायतन क प्रधानों विशिष्ट अतिथि के रूप में आमंत्रित कइल गइल हउवें। जवन प्रधानन के ई मौका मिलल हउवे ओहमें–देउरिया, गोण्डा, गोरखपुर, जौनपुर, राय– बरेली अउर सिद्धार्थनगर जिलन क एक–एक गो प्रधान साामिल हउवें। पंचायती राज मंत्री ओम प्रकाश राजभर कहलें कि ई प्रदेस खातिर गर्व क बात हवे।

**********

प्रदेस के कइ गो जिलन में लगातारे हो रहल बरखा अउर बान्हन से पानी छोड़इले के नाते कई गो नदियन क जलस्तर खतरा के चिन्हा से उप्पर पहुंचि गइलि हउवे। बनारस, प्रयागराज, हापुड़, बदायूं, गाज़ीपुर अउर बलिया में गंगा नदी, मुरादाबाद में रामगंगा, बाराबंकी, अजोध्या अउर बलिया में घाघरा नदी खतरा के चिन्हा से उप्पर बहि रहलि हइन।

***प्रदेश के चौबीस से अधिक जिले बाढ़ की चपेट में है। सरकार की तरफ से राहत और बचाव कार्य तेज कर दिये गये हैं। बाढ़ चौकियों को सतर्क कर दिया गया है और स्थानीय लोगों को सावधानी बरतने के निर्देश दिए गए हैं। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के निर्देश पर प्रदेश सरकार के मंत्री लगातार अलग–अलग जिलों का दौरा कर बाढ़ि की स्थिति का जायजा लेने के साथ ही बचाव कार्यों की समीक्षा कर रहे हैं। उधर मौसम विभाग के मुताबिक आज शाम से कल तक प्रदेश के पूर्वी और पश्चिमी क्षेत्रों के कई जिलों में तेज गरज–चमक के साथ भारी बारिश होने की सम्भावना है। समाचार कक्ष से मैं अरूण।***

**********

प्रदेस क मुख्य सचिव एस पी गोयल सज्जों जिलाधिकारियन के हर घर तिरंगा अभियान में अउरियो जनभागीदारी बढ़वले क निरदेस दिहले हवे। उहां के कहली कि येह अभियान के जरिए प्रदेस में चारि करोड़ साठि लाख झंडा फहरवले क लक्ष्य रक्खल गइल हवे अउर जनभागिदारी के जरिए येह अभियान के सफल बनावल जा सकेला। श्री गोयल कहले कि देस भक्ति क भावना प्रोत्साहित करे बदे तिरंगा महोत्सव, तिरंगा रैली, गीत–संगीत जइसन सांस्कृतिक कार्यक्रम आयोजित करावल जाए। उहां के कहली कि ई अभियान राष्ट्रीय ध्वज के प्रति लोगिन में जागरूकता बढावे अउर देस भक्ति क भावना जागृत करे बदे सुरू कइल गइल हवे। श्री गोयल कहले कि जनभागीदारी बढ़ावे खातिर सोशल मीडिया, रेडियो, टीवी अउर स्थानीय प्रचार माध्यम के जरिये लोगिन के वालंटियर बनले अउर हर घर तिरंगा सेल्फी अपलोड करे बदे प्रेरित कइल जाय।

**********